



Avi sou Konfidansyalite Pwovens Sonoma a

Apati: 1ye Janvye, 2025

AVISA A BAY DETAY SOU FASON YO KA ITILIZE EPI REVELE ENFÒMASYON MEDIKAL OU YO, AK FASON W KA JWENN AKSÈ AK ENFÒMASYON SA YO. TANPRI EGZAMINE L AK ANPIL ATANSYON.

Konfidansyalite W Enpòtan pou Nou

Paske nou konsyan ke enfòmasyon medikal konsènan ou menm ak manm fanmi w pèsonèl, anplwaye Pwovens Sonoma yo pran angajman pou yo pwoteje enfòmasyon medikal ou yo.

Avi sa a ap endike w fason nou ka itilize epi revele enfòmasyon medikal ou yo. Epitou avi sa a bay detay sou dwa w ak sèten obligasyon nou genyen lè n ap itilize ak revele enfòmasyon medikal ou yo.

Gen yon lwa federal yo rele Lwa sou Portabilite ak Responsabilite Asirans Medikal (HIPAA) ki mande n pou n:

- Asire n ke n pwoteje enfòmasyon medikal ki idantifye w yo yon fason pou yo pa mal sèvi ak yo ak revele yo.
- Notify all affected individuals of a breach of unsecured protected health information.
- Pataje avi sa a avè w sou devwa legal nou yo ak pratik konfidansyalite n yo anrapò ak enfòmasyon medikal ou yo; epi
- Swiv kondisyon ki nan nouvo avi a.

Chanjman nan Pratik Konfidansyalite nou yo

Nou rezève dwa pou n fè chanjman nan pratik sou konfidansyalite n yo. Nou rezève dwa pou n aplike pratik yo revize yo nan enfòmasyon medikal nou deja genyen sou w yo, ansanm ak tout enfòmasyon nou resevwa apre yo fin fè revizyon an. Y ap afiche yon kopí ki tounèf nan avi a kote w ap resevwa swen an. Dat avi a ap antre an vigè a twouve l nan premye paj Avi konsènan Pratik sou Konfidansyalite a, adwat nan kwen siperyè paj la.

Itilizasyon ak Divilgasyon Enfòmasyon Medikal yo

Nou itilize epi revele enfòmasyon medikal yo nan yon fason ki respekte lwa ak règleman federal ak leta yo. Pa egzanp, lwa federal yo mande pou n gen yon otorizasyon pou n revele enfòmasyon medikal ki gen rapò ak adiskyon ak dwòg oswa alkòl. Lwa leta yo mande pou n gen yon otorizasyon pou n revele enfòmasyon medikal ki gen rapò ak dosye sante mantal, sèvis VIH, enfòmasyon konsènan analiz jenetik ak enfòmasyon medikal ki gen rapò ak mal sèvi ak sibstans. Divilgasyon enfòmasyon sa a ka fèt sèlman si w bay yon otorizasyon alekri.

Si w bay otorizasyon pou n itilize ak revele enfòmasyon medikal ou yo, ou dwe retire otorizasyon alekri sa a lè w vle. Si w retire otorizasyon w lan, tout itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon medikal ou yo, objektif ke otorizasyon alekri w la kouvri yo ap sispann sof si nou te deja aji annamoni ak otorizasyon w lan. Li enposib pou n retire divilgasyon ke n te deja revele yo anvan ou te retire otorizasyon w lan.

Divilgasyon bay paran yo antanke reprezantan pèsonèl minè yo

Nan pifò ka yo, li posib pou n revele ba w enfòmasyon medikal pitit w a ki minè. Sepandan, nan kèk sitiyasyon, lalwa pèmèt nou oswa menm mande n pou n pa kite w gen aksè ak enfòmasyon medikal pitit w a ki minè. Yon egzanp kote nou dwe anpeche aksè sa a, depann de kalite swen medikal la, se lè yon minè ki gen 12 an oswa pi gran ap chèche swen pou yon maladi oswa yon

kondisyon kontaje. Yon lòt sitiyasyon kote n dwe anpeche paran yo jwenn aksè se lè minè yo gen dwa menm jan ak yon granmoun pou yo pran pwòp desizyon yo anrapò ak swen medikal.

Disponibilite Sèvis Entèpretasyon ak Èd Teknik

Sèvis asistans entèpretasyon ak bonjan èd teknik ak sèvis ki disponib, gratis, pou tout patisipan, benefisyè, moun ki enskri, ak moun kif è aplikasyon nan CSCHS yo, ansanm ak manm piblik la.

ENFÒMASYON KI VIN APRE A BAY DETAY SOU FASON N KA SÈVI AK REVELE ENFÒMASYON MEDIKAL OU YO.

Nan kad Tretman.

Nou ka itilize epi revele enfòmasyon medikal ou yo bay, kowòdone epi jere swen smedikal w a ak tout sèvis ki gen rapò ak li. Nou ka revele enfòmasyon medikal ou yo bay doktè, enfimyè, teknisyen, terapis ak pèsonèl swen medikal pwovens lan ki patisipe nan swen w lan. Doktè ak espesyalis swen medikal yo gen dwa pataje enfòmasyon konsènan swen w lan pou pèmèt yo ba w bonjan sèvis swen medikal alè. Pa egzanp, espesyalis swen medikal yo ka pataje enfòmasyon medikal ou yo antre yo pou yo ka kowòdone diferan bagay ke w gen bezwen yo, tankou preskripsyon, analiz laboratwa ak radyografi..

Nan kad Peman.

Nou ka itilize epi revele enfòmasyon medikal ou yo nan kad tretman ak sèvis ke w resevwa yo pou ka voye bòdwo ba w epi pou yo ka touche peman nan men w, oswa nan plan medikal ki responsab peman sèvis swen medikal ou yo. Plan medikal yo gen ladan konpayi asirans prive w, Medicare oswa MediCal. Pa egzanp, nou ka bezwen bay plan medikal w a enfòmasyon konsènan sèvis swen medikal ke w te resevwa yo yon fason pou plan medikal w a ka peye reklamasyon swen medikal w a. Epitou nou ka bay plan medikal w a detay sou tretman w ap gen pou w resevwa a pou n ka jwenn apwobasyon alavans oswa pou n detèmine si w kalifye pou w jwenn avantaj yo.

Nan kad Operasyon Swen Medikal.

Nou ka itilize epi revele enfòmasyon medikal ou yo nan kad operasyon swen medikal. Itilizasyon ak revelasyon sa yo nesesè pou n gen garanti ke w resevwa bonjan swen. Pa egzanp, nou ka itilize enfòmasyon medikal yo pou n revizetretman ak sèvis nou yo epi poun evalye pèfòmans anplwaye nou yo lè y ap pran swen ou. Nou ka itilize epi revele enfòmasyon medikal yo pou n enfòme w oswa rekòmande kèk chwa tretman oswa altènativ posib ki ka enterese w oswa pou n kontakte w pou n fè w sonje ke w gen yon randevou pou tretman oswa swen medikal. Nou ka itilize epi revele enfòmasyon ou yo nan yon echanj enfòmasyon ki gen rapò ak sante yon fason pou n rann enfòmasyon konsènan sante w yo vin pi aksesib pou w. Nou ka itilize epi revele enfòmasyon medikal yo pou n fè w konnen pwodwi oswa sèvis ki gen rapò ak sante ki ka enterese w.

Dosye Medikal sou fòm Elektronik.

Nou ka itilize yon dosye medikal sou fòm elektwonik pou estoke epi rekipere enfòmasyon medikal ou yo. Youn nan avantaj dosye medikal sou fòm elektwonik la genyen se posibilité pou l pataje epi echanje enfòmasyon medikal yo pami pèsonèl ak lòt espesyalis nan swen medikal ki nan kominate k ap patisipe nan swen ou yo. Lè nou mete enfòmasyon ou yo nan dosye medikal sou fòm elektwonik la, li posib pou n pataje enfòmasyon sa yo lè nou itilize baz done klinik ki pataje yo oswa echanj enfòmasyon medikal. Epitou nou ka resevwa enfòmasyon sou w nan men lòt espesyalis swen medikal ki fè pati kominate ki patisipe nan swen w lan grasa baz done pataje yo oswa echanj enfòmasyon medikal yo. Si w ta gen kesyon oswa enkyetid konsènan pataj oswa echanj enfòmasyon ou yo, tanpri pale sou sa ak epesyalis w a.

Echanj nan Enfòmasyon Medikal.

Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo sou fòm elektwonik ak lòt espesyalis swen medikal ki deyò etablisman nou an men ki patispe nan swen w lan. Nou ka patisipe nan yon Echanj Enfòmasyon medikal (EIS) pou rezon tretman. EIS la se yon sistèm elektwonik ki pèmèt espesyalis swen medikal k ap patisipe yo pataje enfòmasyon pasyan yo dapre lwa federal ak leta sou konfidansyalite yo. Sof si w fè n konnen ke w dakò, n ap pataje enfòmasyon medikal w a sou fòm elektwonik ak espesyalis swen medikal k ap patisipe yo si sa nesesè pou tretman an. Yo p ap transmè enfòmasyon medikal pasyan ki mande pou gen yon otorizasyon siyen pou yo revele l atravè EIS san konsantman w.

Si ou ta swete pou yo pa "mete w" nan yon HIE nan kèlkeswa moman an, ou ka voye yon kourye bay: OptOut@calmhsa.org, oswa ou ka pran kontak ak Pwovens lan nan adrès ki anba a.

Rapèl Randevou

Nou ka itilize epi revele enfòmasyon medikal ou yo pou n pran kontak avè w epi fè w sonje randevou w yo. Si w pa reponn apèl nou an, n ap rele nan nimewo telefòn ou ban nou an, donk nou ka kite yon mesaj pou n raple w randevou a. Nou ka rele w nan non w, nan yon sal datant, lè n pare pou n asiste w.

Jan Lalwa mande a.

Nou ka itilize epi revele enfòmasyon medikal ou yo si lalwa egzije sa. Pa egzanp, nou ka oblige revele enfòmasyon yo pou rezon sa yo:

- Pou pwosedi jidisyè ak administratif dapre otorite legal.
- Pou rapòte enfòmasyon ki gen rapò ak viktim ki soufri abi , neglijans oswa vyolans domestik.
- Pou ede otorite ki la pou fè respekte lalwa yo fè devwa yo.

Mouvman Sante Piblik.

Yo ka itilize oswa revele enfòmasyon medikal ou yo nan kèk mouvman sante piblik ap fè tankou ede otorite sante piblik yo oswa lòt otorite legal pou anpeche oswa kontwole maladi, blesi, oswa andikap, oswa kèk lòt mouvman ki anba sipèvizon sante piblik..

Mouvman ki anba Sipèvizon Medikal.

Yo ka revele enfòmasyon medikal ou yo nan mouvman ki anba sipèvizon medikal lalwa otorize yo, tankou odit, envestigasyon ak enspeksyon. Se ajans leta ak federal yo ki sipèvize pwogram ki gen rapò ak avantaj sosyal yo epi ansanm ak respè dwa sivil yo.

Kowonè , Egzaminatè Medikal, ak Direktè Ponp Finèb yo.

Yo ka revele enfòmasyon medikal ou yo bay direktè fineray oswa koronè yo pou pèmèt yo ranpli devwa legal yo.

Donasyon Ògàn/Tisi.

Si w se yon donatè ògàn, nou ka revele enfòmasyon medikal ou bay òganizasyon ki okipe yo nan zafè resevwa ògàn oswa grèf ògàn, je, oswa tisi oswa yon bank donasyon ògàn, si sa nesesè pou rann donasyon ak grèf sa yo fasil.

Enfòmasyon konsènan Swen Medikal Repwodiktif.

Nou p ap pataje enfòmasyon medikal pèsonèl (PHI) nan kad yon ankèt penal, sivil, oswa administratif ki gen rapò ak moun k ap fè rechèch, jwenn, bay, oswa facilite swen medikal repwodiktif, oswa fòse yon moun aksepte responsablite pou fè rechèch, jwenn, bay, oswa facilite swen medikal repwodiktif yo. Nou p ap pataje PHI a pou ede yo idantifye yon moun k ap fè rechèch, jwenn, bay, oswa facilite swen medikal repwodiktif yo. Pa egzanp, si yon antite ki nan yon lòt eta fè n demann pou PHI ki gen rapò ak yon avòtman pou n pousswiv moun sa a, nou p ap respekte demann lan. Nou p ap revele PHI ki gen rapò posib ak swen medikal repwodiktif bay mouvman ki anba sipèvizon medikal, pwosedi jidisyè oswa administratif, nan kad pou fè respekte lalwa, oswa kowonè ak egzaminatè medikal yo, san nou pa resevwa yon atestasyon valab ki demonstre ke PHI yo mande a se pa pou yon itilizasyon entèdi.

Rechèch.

Nou ka itilize epi revele enfòmasyon medikal ou yo nan kad rechèch ki gen rapò ak pwosesis apwobasyon espesyal oswa lè yon komite revizyon enstitisyonèl oswa yon komite sou konfidansyalite fin revize epi apwouwe pwopozisyon rechèch la epi etabli pwotokòl pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon medikal w a.

Sante ak Pwoteksyon.

Yo ka revele enfòmasyon medikal ou yo pou evite yon menas grav pou sante w oswa pwoteksyon ou oswa pou sekirite kèlkeswa lòt moun nan, datre lalwa ki aplikab la.

Militè aktif, veteran, sekirite nasyonal ak entèlijans.

Si w se yon manm oswa w te yon manm nan fòs ame yo, oswa w fè pati kominote sekirite nasyonal la oswa kominote entèlijans yo, n ap revele enfòmasyon medikal ou yo si kòmandman militè a oswa lòt otorite gouvènman an mande n yo.

Konpansasyon pou Travayè.

Yo ka itilize oswa revele enfòmasyon medikal ou yo pou konpli ak lalwa ansanm ak règleman ki gen rapò ak Konpansasyon pou Travayè a.

Fanmi ak Zanmi.

Nou ka revele enfòmasyon medikal ou yo bay manm fanmi w oswa zanmi w yo si gen posibilité pou rive konprann sikontans yo, sou baz yon jijman pwofesyonèl, ke w pa t ap opoze ak sa.

DWA ENDIVIDYÈL OU ANRAPÒ AK ENFÒMASYON MEDIKAL OU YO

Si w ta vle poze kesyon sou avi sa a oswa sou dwa endividyèl ou yo, ou ka pran kontak ak

Responsab sou Konfidansyalite Pwovens

Sonoma a nan : (707) 565 – 5703

DHS-Privacy&Security@sonoma-county.org

Ou dwe prezante tout demann pou egzèse dwa endividyèl ou yo alekri bay :

County of Sonoma Privacy Officer

1450 Neotomas Avenue, Suite 200. Santa Rosa, CA 95405

Dwa w pou w Verifye epi fè Kopi.

Ou gen dwa pou w verifye epi jwenn yon kopi nan enfòmasyon medikal Pwovens Sonoma a konsève yo, tankou rezulta analiz laboratwa nou fè yo. Anjeneral, sa gen ladan dosye medikal ak bòdwo, men li ka pa gen ladan kèk enfòmasyon ki rapò ak sante mantal.

Ou dwe soumèt demann pou w verifye oswa jwenn yon kopi nan enfòmasyon medikal ou yo alekri. Si w mande yon kopi nan enfòmasyon yo, y ap fè w peye yon frè pou depans pou fè fotokopi yo, voye pa lapòs oswa lòt eleman ki gen pou wè ak demann w an. N ap fè w konnen pri a epi w ka chwazi retire oswa chanje demann w an anvan yo fè w peye pou depans ki fèt yo.

Nou ka refize demann ou fè pou verifye epi jwenn yon kopi nan kèk enfòmasyon medikal nan kèk ka espesyal. Se sèlman pwofesyonèl swen medikal ki gen lisans yo ki ka refize yon demann pou verifye oswa jwenn yon kopi nan enfòmasyon medikal ou yo. Si yo refize demann ou fè pou enspekte oswa jwenn yon kopi nan enfòmasyon medikal ou yo, ou ka mande pou yo egzamine refi a. Yon lòt pwofesyonèl swen medikal ki gen lisans ke Responsab sou Konfidansyalite a chwazi ap analize demann w an ansanm ak refi a. Pwofesyonèl swen medikal ki gen lisans a k ap fè revizyon an p ap menm ak sila a ki gen lisans ki te refize premye demann ou te fè a. N ap konfòme n ak rezulta revizyon an.

Dwa w pou w fè Chanjman.

Si w santi enfòmasyon medikal nou genyen sou w yo pa kòrèk oswa yo pa konplè, ou ka voye yon demann alekri ban nou pou n chanje enfòmasyon an. Ou gen dwa mande n fè yon chanjman toutotan Pwovens Sonoma a konsève enfòmasyon an.

Ou dwe bay rezon ki fè w ap mande yo fè chanjman an. Nou gen dwa refize demann ou fè pou n fè chanjman an si l pa fèt alekri, oswa si pa gen okenn rezon ki soutni demann lan. Anplis de sa, nou ka refize demann ou an si w mande n pou n chanje enfòmasyon:

- ✓ Ke nou pa t kreye, sof si moun oswa òganizasyon ki te kreye enfòmasyon an pa disponib ankò pou fè chanjman an.
- ✓ Ki pa fè pati enfòmasyon medikal ke Pwovens Sonoma a konsève oswa kenbe pou itilite l.
- ✓ Ki fè yon pati nan enfòmasyon ke w pa gen dwa verifye epi kopye.
- ✓ Ke l egzat epi konplè.

Menm si n refize demann ou fè sou chanjman an, ou gen dwa voye yon koreksyon alekri, ki pa dwe depase 250 mo konsènan tout atik oswa deklarasyon ki nan dosye w genyen ke w panse ki pa konplè oswa ki pa kòrèk la. Si yon fason ki klè w esplike alekri ke w vle pou koreksyon an fè pati dosye medikal w a, n ap tache l nan dosye w la epi mete l ladan l chak fwa n fè yon divilgasyon sou atik oswa deklarasyon ou panse ki pa konplè a oswa ki pa kòrèk la.

Dwa w pou w jwenn yon Rapò nan Divilgasyon yo.

Ou gen dwa mande yon rapò sou divilgasyon n te fè nan enfòmasyon medikal ou yo. Lis sa a p ap gen ladan divilgasyon ki fèt pou rezon tretman, peman, oswa operasyon swen medikal nou yo, oswa divilgasyon ou te otorize a.

Demann w an dwe fèt alekri epi li dwe gen ladan yon peryòd tan. Peryòd tan an pa dwe plis pase sis ane epi li pa dwe gen ladan dat anvan 14 avril 2003. Nan demann w an ou dwe endike nan ki fòma w vle resevwa lis divilgasyon yo (pa egzanp, sou papye, sou fòm elektwonik). Premye lis ou mande a ap gratis pandan yon peryòd 12 mwa. Pou lòt lis yo, nou ka fè w peye pou founiti yo. N ap fè w konnen pri a epi w ka chwazi retire oswa chanje demann w an anvan yo fè w peye pou depans ki fèt yo.

Dwa w pou w Mete Restriksyon.

Ou gen dwa mande pou n mete restriksyon oswa mete limit nan enfòmasyon medikal ke n itilize oswa revele sou w pou tretman an, peman oswa operasyon swen medikal. Li posib pou n pa oblige dakò ak demann ou fè pou n mete restriksyon yo nan kèk sitiyasyon. Si nou dakò, n ap konfòme n ak demann w an sof si enfòmasyon an nesesè pou ba w tretman ijans oswa pou rezon rapò sante piblik oswa jan lalwa mande sa a. N ap bay asistans ak tout demann ki rezonab. Si w vle mande pou n mete restriksyon oswa limit nan itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon medikal ou yo, demann ou fè alekri a dwe endike n:

- ✓ Ki enfòmasyon ou swete limite a.
- ✓ Kit ou swete limite nan itilizasyon pa n , divilgasyon, oswa toude.
- ✓ Pou ki moun ou vle aplike limit yo, pa egzant, divilgasyon bay konjwen ou.

Epitou ou gen dwa mande pou w resevwa komunikasyon konsènan swen medikal w a pa lòt mwayen oswa nan lòt kote. Si w vle mande pou yo bay komunikasyon konsènan enfòmasyon medikal ou yo pa lòt mwayen oswa nan lòt kote, demann alekri w la dwe presize:

- ✓ Kòman oswa ki kote w swete n kontakte w.
- ✓ Metòd ou ta renmen n itilize pou n kominike avè w, pa egzant, lòt adrès, nimewo telefòn oswa adrès kourye elektwonik.

Dwa pou w resevwa yon kopi nan papye Notifikasyon sa a.

Ou gen dwa pou w resevwa yon kopi nan notifikasyon sa a sou fòm papye. Ou ka mande n pou n ba w yon kopi nan notifikasyon sa a lè kif è w plezi. Ou ka mande n pou n voye yon kopi ba w pa mwayen Liy Dirèk pou Konfidansyalite Pwovens Sonoma a nan (707) 565-5703. Tanpri fè konnen ke w swete resevwa yon Avi nan Pratik sou Konfidansyalite a epi bay non w ak adrès postal ou. Ou ka jwenn yon kopi nan avi sa a sou sit entènèt nou an:

<https://sonomacounty.ca.gov/health-and-human-services/health-services/about-us/notice-of-privacy-practices>.

Dwa pou w Pote Plent.

Si w panse ke yo vyole dwa w anrapò ak privasite w, ou ka pote Responsab sou Konfidansyalite a oswa Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal yo plent. Pwovens Sonoma a p ap pran okenn mezi kont ou paske w mande jwenn aksè ak dosye medikal ou yo, Avi nan Pratik sou Konfidansyalite w, oswa tout lòt dokiman ki gen rapò ak HIPAA. Anplis, Pwovens Sonoma a p ap pran mezi kont ou paske w te pote plent oswa paske w te fè n konnen kèlkeswa plent oswa reklamasyon anrapò ak HIPAA a. Pou pote plent nan Pwovens Sonoma a, tanpri voye plent w an nan :

County of Sonoma Privacy Officer
1450 Neotomas Avenue, Suite 200
Santa Rosa, CA 95405